



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PWOLONJE DÈLE POU VITÈS LIMIT 8 KILOMÈT ALÈ SOU
TOUT LONGÈ RIVAJ LAK ONTARIO A AK RIVYÈ ST. LAWRENCE LAN RIVE 2
SEPTANM**

***Zòn san Lanm yo te Agrandi yo Rete Enpòtan anpil nan Rejyon Inondasyon an te
Afekte yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li otorize Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York la pou l pwolonje delè pou vitès limit 8 kilomèt alè a sou Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence lan rive samdi 2 Septanm. Bato k ap fonksyone nan lespas 600 pye de rivaj yo dwe obzève vitès limit 8 kilomèt alè pou redwi enpak aksyon lanm yo gen sou kay ak enfrastrikti ki bò rivaj yo ak pou pwomouvwa plezans san danje.

“Nivo dlo yo ki kontinye wo a gen enpak sou pwopriyetè kay ak biznis ki sou bò Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan, epi lè nou pwolonje delè zòn san lanm yo pou yon lòt mwa ankò, nou ka asire moun ki sou bato yo ap ede pwoteje bò rivaj vilnerab New York yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan kad repons eta pou kontinye rezoud pwoblèm inondasyon zòn kot nan rejyon an, vitès limit 8 kilomèt alè sa a pral ede kenbe kominote ak rezidan ki abite sou bò rivaj yo an sekirite.”

Rediksyon vitès yo nesèsè tou pou asire moun fè plezans san danje, paske gen plizyè danje ak debri nivo dlo elve yo kouvri epi sa ka mete moun k ap monte bato yo an danje. Lè nou pwolonje dèle vitès limit lan pou yon lòt mwa ankò, lanm bato yo ak aksyon lanm yo pral rete ba sou tout longè rivaj Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan. Lanm bato yo kreye yo ka plis agrave ewozyon ki sou bò rivaj la yo, k ap plis menase enfrastrikti rezidansyèl ak minisipal yo. Minisipalite lokal yo kapab bay tikè pou peye amann rive jiska 250 dola pou chak kontravansyon pou moun ki sou bato rekreyatif yo ki vyole limit vitès 8 kilomèt alè nan yon limit 600 pye rivaj la.

Komisyonè Park Eta yo (State Parks), Rose Harvey te di, “Nou ankouraje moun ki sou bato ka prale nan destinasyon favori yo sou Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan yo pou yo konpòte yo an bon pwotektè anviwonman zòn kot eta nou an. Lè moun ki sou bato yo obeyi vitès limit redwi yo, yo ap ede evite gen plis ewozyon sou bò rivaj kot yo epi pwoteje tout moun ki sou bato yo kont nenpòt aksidan potansyèl”.

Lè kondisyon yo nòmal, yo egzije moun ki sou bato yo pou yo obeyi vitès limit 8 kilomèt alè a nan lespas 100 pye de bò rivaj, waf, rado, flotè oswa bato ki ankre yo. Lè yo pa poste vitès limit, bato yo dwe toujou fonksyone nan fason sa pou yo pa mete lòt moun an danje. Yon bato dwe kapab kanpe san dajè nan lespas ki vid devan yo epi moun k ap opere bato a toujou responsab pou nenpòt domaj lanm bato a lakoz.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418